



NJ FAMILYCARE

Asirans maladi ki pa koute chè. Bon kalite swen.
Yon Pwogram leta Noujèze

Jon S. Corzine, Gouvènè
Eta New Jersey

NJ FamilyCare bay bon kalite asirans pou swen sante, ki gratis oswa ki pa koute chè, pou timoun ki rive laj 18 an pou pi plis, epi ki pa gen asirans, ak pou papa ak manman ki pa touche anpil lajan. Pwogram sa a deja ap bay asirans pou yon demi milyon timoun omwens, nan leta Noujèze.

Kisa ki kouvri?

NJ FamilyCare mete ansanm ak Health Maintenance Organizations (HMOs) ki deja tabli pou travay nan Eta a, pou l kouvri tout pwoblèm asirans pou swen sante.

NJ FamilyCare pa manke anpil pou l kouvri tout zafè sante ou bezwen okipe, tankou:

vizit doktè	radyografi	linèt
preskripsyon	entène lopital	sèvis sante mantal
tès nan laboratwa	sèvis dantis (pou pifò timoun)	vizit espesyalis

Kilès ki kalifye?

Se sèlman timoun ki pa gen plis pase 18 an, ak kèk papa oswa manman pitit ki pa touche anpil lajan, ki kalifye pou NJ FamilyCare. Sa yo gade pou kalifikasyon yo se kantite moun ki nan fanmi an, kidonk timoun ansanm avèk papa ak manman yo; epi lajan fanmi an touche chak mwa. Byen yo genyen pa konte. (Gade tablo ki adwat la.)

Konbyen Pwogram lan Koute?

Pou anpil fanmi, li pa koute anyen: pa gen okenn lajan pou yo peye chak mwa, ni moso nan depans yo pou peye. Pou fanmi ki touche plis lajan pa mwa yo, gen yon tarif patisipasyon varyab, pou peye yon moso nan depans yo, epi yo kapab genyen pou yo peye yon lajan chak mwa.

Èske gen restriksyon?

Maladi moun te genyen anvan pa anpeche yo kalifye. Nan pifò ka yo, se pou timoun yo pa te genyen asirans medikal pandan 3 mwa omwens. Kòm gen esepsyon, li pi bon pou w rele NJ FamilyCare, si w gen kesyon.

Pifò moun vini, ki gen papye ki pèmèt yo rete nèt nan peyi isit, kalifye pou pwogram lan. Pou moun ki pa gen papye, pitit yo kapab kalifye si yo fèt nan Etazini.

Pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Pou w wè si w kalifye, oswa pou w jwenn plis enfòmasyon, rele oswa ale nan sit entènèt nou an.

1-800-701-0710

(Gen operatè ki pale plizyè lang)

www.njfamilycare.org

Fè aplikasyon w sou entènèt!

TTY 1-800-701-0720

(Pou moun ki pa tande byen)

Pi plis pou yon Fanmi Touche nan lane 2009 la

Gade tablo sa a. Li fèt dapre kantite moun nan yon fanmi ak lajan yo touche chak mwa anvan taks. Si w touche pi piti pase lajan ki parèt la epi fanmi w pa gen asirans, ou menm ak/oswa pitit ou kapab kalifye.

Limit ki di Pi plis Lajan yo ka Touche Chak Mwa Anvan Taks nan lane 2009 la

Kantite Moun ki nan Fanmi an*	Asirans pou Timoun (Rive laj 18 an)	Asirans pou Papa ak Manman oswa Moun ki Responsab Timoun
2	\$4,250	\$2,429
3	\$5,341	\$3,052
4	\$6,432	\$3,675
5	\$7,523	\$4,299
6**	\$8,613	\$4,922

*Vle di papa ak manman oswa moun ki responsab timoun, ak pitit yo ki nan kay la

**Pou fanmi ki gen plis moun, rele pou konnen limit pou chak mwa yo

NJ FAMILY CARE

Asirans maladi ki pa koute chè. Bon kalite swen.

1-800-701-0710

www.njfamilycare.org

NJ gen asirans gratis oswa ki pa koute chè pou tout timoun!

NJ FamilyCare ap asepte aplikasyon pou antre nan pwogram lan

- ✓ **Baz kalifikasyon pou kouvèti gratis, se kantite moun ki nan fanmi an epi lajan fanmi an touche chak mwa**
- ✓ **Kalifikasyon pou plan ki pa koute chè yo, garanti**
- ✓ **Pwogram lan pi bon mache pase asirans prive oswa COBRA**

NJ FamilyCare bay kouvèti pou:

- ✓ **Vizit doktè**
- ✓ **Rx – preskripsyon**
- ✓ **Linèt**
- ✓ **Swen dantis (pou pifò timoun)**
- ✓ **Entène lopital**
- ✓ **Radyografi, tès nan laboratwa**
- ✓ **Egzamen ak konsèy pou sèvis sante mantal**

Pou plis enfòmasyon ak pou fè aplikasyon:

- ✓ **Rele NJ FamilyCare nan 1-800-701-0710 epi mande pou yon aplikasyon (Depi lendi rive vandredi/yo pale panyòl)**
- ✓ **Ale nan www.NJFamilyCare.org epi reponn kesyon ki nan aplikasyon sou entènèt la (w ap jwenn enfòmasyon nan 12 lang)**

Oswa pou w achte asirans ki pa koute chè pou pitit ou:

- ✓ **NJ FamilyCare ADVANTAGE: Pri yo pi bon pase asirans prive oswa COBRA**
- ✓ **Rele 1-800-637-2997 oswa ale nan www.horizonnjhealth.com epi klike sou NJ Family-Care ADVANTAGE nan tablo ki agòch la**

NJ FamilyCare pa yon pwogram asistans sosyal. Sa kapab pran 30 jou pou pi plis pou yo verifye aplikasyon an epi fin travay sou li.